



Homeland Security

Depatman Sekirite Nasyonal Etazini Plan Pou Moun Jwenn Aksè ak Lang

Rezime

Apèsi

Plan Pou Moun Jwenn Aksè ak lang (Plan LEP) Depatman Sekirite Nasyonal (U.S. Department of Homeland Security, DHS) la satisfè yon egzijans nan Lòd Egzekitif 13166, *Improving Access to Services for Persons with Limited English Proficiency* (Limited English Proficiency, LEP) (*Amelyorasyon Aksè Nan Sèvis Pou Moun Ki Pa Pale Ase Angle*) (11 out 2000). Plan LEP a etabli yon règleman pou aksè lang pou depatman an epi li kreye yon sistèm pou bay bon jan aksè bay moun ki pa pale ase angle nan DHS. Plan LEP a dekri aktivite pou bay moun aksè langaj plan an genyen kounye a ak etap adisyonèl DHS pral pran pou amelyore ak ogmante sèvis langaj pou moun ki pa pale ase angle atravè operasyon, sèvis, pwogram, ak aktivite DHS yo.

Nan devlopman plan sa a, Eleman DHS yo te evalye sou ki degre moun ki pa pale ase angle yo te jwenn aksè nan pwogram ak sèvis li yo, konsidere rekòmandasyon nan men lòt òganizasyon pou amelyore aksè, epi pran angajman pou fè etap adisyonèl pou bay moun ki pa pale ase angle yo bon jan aksè. Nan travay li ak plan LEP a, Eleman DHS yo pral devlope plan aksè langaj endividiyèl, distribiye pwotokòl pou idantifye moun ki pa pale ase angle ak jwenn sèvis langaj, fòme anplwaye sou responsablite pou bay aksè langaj, notifye piblik la sou resous langaj ki disponib, ak evalye epi mete plan an ajou detanzantan. Biwo Pou Dwa Sivil ak Libète Sivil (Office for Civil Rights and Civil Liberties, CRCL) la pral sipèvize egzekisyon plan LEP a.

Règleman

Se yon règleman DHS pou moun ki pa pale ase angle jwenn bon jan aksè nan operasyon, sèvis, aktivite, ak pwogram ki soutni chak zòn misyon DHS kote li bay bon jan sèvis asistans langaj atan. Se sa ki fè, Eleman DHS yo dwe enkòpore konsiderasyon aksè langaj nan woutin yo, planifikasyon estratejik ak biznis yo, idantifye ak tradui dokiman ki enpòtan nan lang yo itilize pi souvan yo, bay sèvis entèpretasyon lè li apwopriye, epi edike pèsonèl la sou responsablite aksè langaj ak jan pou itilize resous aksè langaj ki disponib yo.

Plan ak Aktivite Plan LEP a

An 2012, chak Eleman DHS ki gen kontak ak piblik la oblige devlope yon Plan Aksè Langaj ki enkòpore règleman LEP DHS la plan an te etabli a nèt.

Nan preparasyon pou plan LEP sa a, chak Eleman te kòmanse konsidere fason li t ap ka:



Homeland Security

- Ogmane kantite sèvis entèpretasyon ak tradiksyon tankou yon pati nòmal pou jere pwogram yo ak operasyon;
- Ogmane sensibilizasyon kay popilasyon LEP yo pou bay yo enfòmasyon sou pwogram sekirite nasyonal yo;
- Swiv rankont ak moun ki pa pale ase angle yo pou idantifye bezwen pou langaj sèvis ki gen kounye a ak sa ki pral gen demen;
- Itilize materyèl CRCL "I Speak" ("Mwen Pale") yo pou rann li pi fasil pou idantifye langaj moun nou rankontre ki pa pale ase angle
- Limite kantite fanmi, zanmi, oswa lòt moun ki asosye ak moun ki pa pale angle nan sitiyasyon ki rak ak enfòmasyon ki pa enpòtan.
- Bay anplwaye yo fòmasyon ak gid sou egzijans aksè langaj, jan pou jwenn aksè sou sèvis langaj ki disponib, ak jan pou travay ak entèprèt; epi
- Konsilte pati prenant yo pou planifie sèvis langaj pou demen.

Eleman yo deja ap egzekite plizyè nan aktivite sa yo nan operasyon yo. Gen yon deskripsiyon ak aktivite aksè langaj planifie nan anèks Plan LEP a.

Enfòmasyon Kontak

Piblik la kapab kontakte CRCL nan crl@dhs.gov oswa rele nimewo yo ki anba a pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis langaj ak aktivite nan DHS la ki gen pou wè ak langaj.

CRCL revize epi evalye enfòmasyon sou abi dwa sivil, libète sivil, pwofilaj ki baze sou ras, gwoop etnik oswa reliyon anplwaye oswa ofisyel Depatman Sekirite Nasyonal fè kont moun. Sa gen ladan enfòmasyon sou refi pou moun jwenn aksè apwopriye nan pwogram, aktivite, oswa sèvis DHS paske li pa pale ase angle.

Pou depoze yon plent, nenpòt moun ka telechaje [fòm plent li ka ranpli](#) si li vle a epi voye li pa imèl bay: crl@dhs.gov, oswa imèl yon deskripsiyon byen detaye sou sa ki te pase a.

Nou aksepte plent nan lòt lang menm si se pa angle:

- [Telechaje fòm nan an angle](#) (PDF – 7 paj, 212 KB)
- [إضغط لتحميل المستند باللغة العربية](#) – [Arab](#) (PDF – 7 paj, 212 KB)
- [Cliquez ici pour télécharger ce formulaire en français – Franse](#) (PDF – 8 paj, 234.77 KB)
- [Klike la pou telechaje fòm sa a an Kreyòl Ayisyen](#) (PDF – 7 paj, 211.31 KB)
- [Clique aqui para fazer o download deste formulário em português - Pòtigè](#) (PDF – 8 paj, 223.98 KB)
- [Щелкните мышью здесь, чтобы загрузить эту форму на русском языке – Ris](#) (PDF – 8 paj, 386.45 KB)
- [点击此处下载本表格的中文版 – Simplified Chinese](#) (PDF – 7 paj, 434.82 KB)



Homeland Security

- [Halkan riix si aad u soo degsato foomkan oo af Soomaali ah – Somali](#) (PDF – 8 paj, 219.88 KB)
- [Haga clic aquí para descargar este formulario en español – Panyòl](#) (PDF – 7 paj, 209.31 KB)
- [Bấm vào đây để tải mẫu đơn này bằng tiếng Việt – Vyetnamyen](#) (PDF – 7 paj, 292.02 KB)

Gen plis enfòmasyon sou jan pou depoze yon plent ak CRCL nan www.dhs.gov/crcl oswa ou kapab rele CRCL dirèkteman nan youn nan nimewo telefòn sa yo ki pi ba a.

Lòt fason pou depoze yon plent oswa kontakte CRCL:

- Lapòs Ameriken: (Metòd sa a kapab pran 20 jou ouvrab)
Department of Homeland Security
Office for Civil Rights and Civil Liberties
245 Murray Lane, SW
Building 410, Mail Stop #0190
Washington, D.C. 20528
- Telefòn:
Lokal: 202-401-1474
Apèl Gratis: 1-866-644-8360
Lokal TTY (Pou Soud): 202-401-0470
Apèl Gratis TTY (Pou Soud): 1-866-644-8361